

Plan Ijans Familyal

KISA YON PLAN IJANS YE?

Yon Plan Ijans se yon dokiman chak moun ta dwe genyen pou pwoteje yo ak fanmi yo sizoka gen yon ijans, kit yon dife, yon maladi, oswa yon entèraksyon ak oswa arestasyon ak detansyon pa ICE.

Dokiman sa gen enfòmasyon enpòtan sou tout moun nan fanmi w.

PA MACHE AK PLAN IJANS OU AN!

Kenbe li nan yon plas ki sekirize ak lòt dokiman enpòtan yo tankou: paspò, preskripsyon medikal ak lòt dokiman imigrasyon w yo.

SÈLMAN PATAJE ANPLASMAN PLAN IJANS OU AN ZANMI E FANMI OU FÈ KONFYANS.

Asire yo konnen kote li ye, poukisa li enpòtan ak fason pou jwenn li si nesesè.

PA JANM PATAJE PLAN IJANS OU AN AK AJAN ICE YO!

KISA YON KONTAK IJANS OSWA GRANMOUN DE KONFYANS YE?

Yon kontak ijans se yon moun pou rele si nenpòt bagay yo pa t atann rive w oswa fanmi w. Yo kapab yon manm fanmi, yon zanmi oswa yon vwazen ki konnen w oubyen fanmi w.

Se yon moun ou kapab rejwenn si w bezwen sipò lapoula pandan w ap cache konn sa pou fè.

Yo kapab ba ou èd, mennen w kay doktè, oubyen menm al cache pitit ou lekòl.

Se yon lide pou enfòmasyon sou kontak ijans nan travay ou ak lekòl pitit ou.

Yon granmoun de konfyans se yon moun ou fè konfyans pou pran swen pitit ou si nenpòt bagay ta rive w.

Granmoun de konfyans ou an se yon ki fyab e ki an mezi pou pran pitit ou yo lekòl si yo dwe fè sa a. Yo rekòmande pou chwazi yon moun ki gen rezidans oubyen yon sitwayen ameriken, si posib.

DOKIMAN ENPÒTAN YO

Sa se yon lis dokiman enpòtan yo ou dwe ranpli pou fanmi w epi kenbe li yon kote ki sekirize. Ou dwe pataje yon kopi tou ak kontak ijans ak granmoun de konfyans ou yo.

Fòmilè sa yo dwe ranpli ak lank nwa.

Plan Ijans Familyal

Sa se yon dokiman ak enfòmasyon enpòtan konsènan tout manm fanmi w.

Kontak Ijans ak Fòmilè Otorizasyon ou Chache Timoun Lekòl

Yon dokiman ki otorize moun ou fè konfyans pou al chache pitit ou lekòl si w pa kapab. Ou dwe ranpli yon fòmilè pou chak timoun ou gen lekòl la. Ou dwe bay lekòl pitit ou a fòmilè sa a.

ICE Form 60-001: Renonsiyasyon ak Konfidansyalite ki Otorize Divilgasyon ak yon Twazyèm Pati

Fòmilè sa otorize yon granmoun de konfyans pou pale ak ajan ICE yo si w nan prizon. Yo kapab poze kesyon konsènan dosye w la pou ede w. Fòmilè sa dwe siyen pa yon temwen ki pa nan fanmi w oubyen yon granmoun de konfyans ki sou fòmilè a. [Ou kapab jwenn fòmilè sa anliy lè w klike isit la.](#)

AR-11: Chanjman Kat Adrès Etranje a

Fòmilè sa di gouvènman (USCIS) nouvo adrès ou a si w deplase. Si w pa yon sitwayen ameriken. yo legalman egzije w pou mete ajou adrès ou nna 10 jou deplasman w lan. Ou dwe ranpli yon fòmilè pou chak moun ki nan fanmi w. Timoun ki gen 14 lane oswa plis dwe siyen pwòp fòmilè pa yo. Ou kapab siyen pou nenpòt nan timoun ou yo ki gen mwens pase 14 lane.

[Ou kapab jwenn fòmilè sa anliy lè w klike isit la.](#)

Lòt Rekòmandasyon

ENSTALE APLIKASYON READYNOW LA SOU TELEFÒN OU

Chache “ReadyNow” sou app store sou telefòn epi suiv enstriksyon yo pou enstale li. Aplikasyon pèmèt ou peze yon bouton pou voye yon mesaj bay kontak ijans pou yo si ICE arete ou.

MEMORIZE NIMEWO TELEFÒN ENPÒTAN YO

Memorize nimewo telefòn moun ki nan fanmi ak kontak ijans ou yo.

MACHE AK DOKIMAN ENPÒTAN YO

Li obligatwa pou tout moun ki pa sitwayen ameriken mache ak prèv estati yo. Si w genyen yon kat rezidans, ou dwe mache avè l. Pou lòt yo, ou dwe pote lòt dokiman ki pwouve estati w, tankou I-94. Si w gen yon aplikasyon oswa petisyon annatant ak USCIS, ou dwe mache ak yon kopi resi a.

Siw pa gen okenn nan dokiman sa yo, pote yon pyès idantite eta a, pyès idantite minisipal la oswa yon pèmi kondi. Pa mache ak fo dokiman.

Mande yopn avoka imigrasyon pou konfime ki dokiman ou dwe pote.

KONNEN DWA W

Tout moun gen dwa, kèlkeswa estati imigrasyon yo. Asire tout moun nan fanmi w konprann dwa yo.

Ou kapab gade vodeyo [sou chèn YouTube Hello Neighbor](#) la pou aprann de dwa w an arab, anglè, dari, pachto, espanyòl, fransè, somali ak swayili.

Ou kapab pote yon kat wouj. Kat wouj yo ka antre nan bous ou epi fè lis dwa w yo pou entèraksyon ak fòs lòd yo, ki enkli ICE. Kat wouj gratis yo disponib nan 59 lang sou [sitwèb ILRSC a](#).

DEPOZE DOSYE POU GADYAN RANPLASAN

Nou rekòmande w rankontre ak yon avoka fanmi pou depoze dosye pou gadyen ranplasan. Sa ofisyèlman mansyone ki moun ou vle pran swen pitit ou yo si nenpòt bagay sanzatann rive w. Pwosesis la kapab diferan tou depann de kote w rete a.

Rapòte aktivite ICE nan Pittsburgh nan Casa San Jose:

412-736-7167

PLAN LJANS FANMI MWEN

Non, Dat nesans, ak Peyi nesans tout adilt nan kay la

Peyi Orijin tout granmoun nan kay la

Non, Dat Nesans, ak Peyi Nesans tout timoun ki nan kay la

Peyi Orijin tout timoun ki nan kay la

Adrès:

Minisipalite:

Nimewo telefòn tout manm fanmi yo:

Lang preferab:

Lòt lang:

A-Numbers nan tout manm fanmi yo:

Kontak Ijans #1

Non:

Nimewo Telefòn:

Kontak Ijans #2

Non:

Nimewo Telefòn:

Adilt konfyab pou okipe pitit mwen yo

Non:

Nimewo Telefòn:

Non Fanmi Enpòtan ak Nimewo Telefòn (enkli nimewo Whatsapp kontak entènasyonal yo)--se moun sa yo ou ta vle enfòme nan ka ijans.

Biwo Doktè Mwen:
Non Doktè Mwen:
Nimewo Telefòn Doktè mwen:
Kondisyon mwen yo oswa operasyon mwen yo:
Mwen pran medikaman sa yo ak dòz sa yo:
Alèji mwen oswa kondisyon alimantasyon mwen:
Kote mwen travay:
Non Sipèvizè mwen:
Nimewo Telefòn Sipèvizè Mwen:
Bèt Kay (non, kalite bèt):

Enfòmasyon sou Timoun

Adilt nan Kay la:

TIMOUN

Non:

Dat nesans:

Lekòl:

Kondisyon medikal:

Medikaman ak Dòz:

Alèji:

Randevou Medikal Kap Vini yo:

TIMOUN

Non:

Dat nesans:

Lekòl:

Kondisyon medikal:

Medikaman ak Dòz:

Alèji:

Randevou Medikal Kap Vini yo:

Enfòmasyon sou Timoun

Adilt nan Kay la:

TIMOUN

Non:

Dat nesans:

Lekòl:

Kondisyon medikal:

Medikaman ak Dòz:

Alèji:

Randevou Medikal Kap Vini yo:

TIMOUN

Non:

Dat nesans:

Lekòl:

Kondisyon medikal:

Medikaman ak Dòz:

Alèji:

Randevou Medikal Kap Vini yo:

Fòm Kontak Ijans ak Otorize Pickup Lekòl

Enfòmasyon sou etidyan

Non Konplè:
Dat nesans:
Ane:

Enfòmasyon Paran/Gadyen

Non:
Relasyon ak elèv la:
Nimewo Telefòn:
Adrès:
Imèl:

Moun sa yo ki anba a gen pèmisyon pou yo al ranmase elèv ki site anlè a nan lekòl la epi pran desizyon si yo pa ka kontakte m.

Non:
Relasyon ak elèv la:
Nimewo Telefòn:
Non:
Relasyon ak elèv la:
Nimewo Telefòn:

Siyati Paran/Gadyen: _____ Dat: _____